


# Kisa kit la gen nan li



Bwat Ekspedisyon



Veso pou kòlèk



Kat Etikèt Egzanp



Tib ak sonn



Sipò



Boutèy pou konsève a

Ale sou [Cologuard.com/result](https://cologuard.com/result) pou kreye yon kont. La, ou ka jwenn enfòmasyon sou tèl ou te fè a epi jwenn aksè ak rezilta w la lè li disponib. Yo voye rezilta yo bay founisè swen sante ki te preskri tèl ou a nan 8 a 10 jou apre yo fin resevwa echantiyon an.

## Itilizasyon Entansyon ak Endikasyon pou itilizasyon

Tès Cologuard® ak Cologuard Plus™ yo se tèl dyagnostik kalitatif in vitro ki fèt pou detekte makè ADN ki asosye ak neoplazi kolorektal ak pou prezans emogloblin okilt nan pou pou imen. Yo fè tèl Cologuard ak Cologuard Plus yo sou echantiyon yo te kolekte avèk twous koleksyon pou pou konplè Exact Sciences la. Yon rezilta pozitif ka endike prezans kansè kolorektal (CRC) oswa lezyon prekanserèz avanse (APL) epi yo dwe fè yon kolonoskopi apre sa. Tès Cologuard ak Cologuard Plus yo se pou depistaj granmoun ki gen 45 an oswa plis, ki gen yon risk mwayèn pou CRC. Tès Cologuard ak Cologuard Plus yo pa ranplase kolonoskopi dyagnostik oswa kolonoskopi siveyans pou moun ki gen gwo risk.

Yo fè tèl Cologuard ak Cologuard Plus yo nan Exact Sciences Laboratories, Madison, WI.

### Kont-endikasyon yo

Tès Cologuard ak Cologuard Plus yo pa pou pasyan ki gen pwoblèm sa yo:

- Yon istorik pèsonèl CRC oswa APL.
- Yon rezilta pozitif ki soti nan yon lòt metòd depistaj CRC nan 6 dènye mwa yo, oubyen:
  - 12 mwa pou yon tèl san okilt nan fekal (FOBT) oswa yon tèl iminochimik nan fekal (FIT)
  - 36 mwa pou yon tèl ADN FIT
- Yon istwa famiyal CRC, defini kòm yon fanmi pwoch premye degre (paran, frè oswa sè, oswa pitit) ki gen yon dyagnostik CRC nan nenpòt laj.
- Istwa pèsonèl nan kondisyon sa yo ki gen gwo risk pou CRC:
  - Yon dyagnostik maladi anflamatwa entesten (kolit ilèratif kwonik, maladi Crohn).
  - Yon dyagnostik ak yon sendwòm kansè famiyal (eredite) ki enpòtan oswa yon lòt sendwòm polipoz, ki gen ladan men ki pa limite a: Polipoz adenomatoz famiyal (FAP oubyen Gardner), sendwòm kansè kolorektal eredite ki pa gen polipoz (HNPCC oubyen Lynch), Peutz-Jeghers, Polipoz ki asosye ak MYH (MAP), Turcot (oubyen Craib), Cowden, Polipoz jivenil, Cronkhite-Kanada, Neurofibromatoz, oubyen Polipoz dantele.

### Avètisman ak Prekosyon

- Pasyan yo pa dwe bay yon echantiyon si yo gen dyare oswa si yo konnen gen san nan pipi yo oswa pou pou yo (pa egzanz, nan senyen emoroyid, senyen nan koupe oswa blesi nan men yo, senyen nan dèyè, oswa senyen règ). Pale ak founisè swen sante w si w ap senyen sanzatan.
- Gade gid nasyonal pou laj rekòmande pou depistaj kansè kolorektal. Desizyon pou fè tèl depistaj pou moun ki gen plis pase 75 an ta dwe pran sou yon baz endividiyèl apre konsiltasyon avèk founisè swen sante ou. Yo ta dwe entèprete rezilta tèl Cologuard ak Cologuard Plus yo avèk prekosyon lakay pasyan ki pi gran paske pousantaj rezilta fo pozitif yo ogmante avèk laj.
- Tès Cologuard ak Cologuard Plus yo ka bay rezilta pou negatif oswa fo pozitif. Yon rezilta fo pozitif rive lè Cologuard oswa Cologuard Plus pwodui yon rezilta pozitif, menm si yon kolonoskopi pa te jwenn CRC oswa APL. Yon rezilta fo

negatif rive lè Cologuard oswa Cologuard Plus pa detekte yon APL oswa CRC menm lè yon kolonoskopi idantifye rezilta pozitif la.

Tès pou Cologuard Plus te montre:

- Sou chak 100 pasyan ki teste pozitif, apeprè 3 pasyan pral gen CRC, 34 pasyan pral gen APL, 33 pral gen yon adenòm ki pa avanse, epi 30 pap gen okenn rezilta neyoplastik.
- Sou chak 10,000 pasyan ki teste negatif, apeprè 2 pral resevwa fo rezilta ke yo pa gen CRC. Sou chak 100 pasyan ki teste negatif, apeprè 7 pasyan pral resevwa fo rezilta ke yo pa gen APL.

• Yon rezilta tèl Cologuard oswa Cologuard Plus negatif pa garanti absans CRC oswa APL. Pasyan ki gen yon rezilta negatif nan tèl Cologuard oswa Cologuard Plus la ta dwe kontinye patisipe nan pwogram depistaj kansè kolorektal yo, nan entèval apwopriye yo rekòmande nan gid yo.

• Yo etabli pèfòmans inisyal tèl Cologuard la nan yon etid seksyonèl (sa vle di, nan yon sèl moman). Yo te evalye pèfòmans pwogramatik tèl Cologuard la (sa vle di, benefis ak risk ak tèl repete sou yon peryòd tan etabli) nan yon etid longitudinal sou yon peryòd twa zan. Yo poko etabli si sansibilite pwogramatik tèl Cologuard la pa enferyorite oswa siperyorite konpare ak lòt metòd depistaj rekòmande pou CRC ak APL.

• Yo etabli pèfòmans tèl Cologuard Plus la nan yon etid seksyonèl (sa vle di, nan yon sèl moman). Yo poko etidye pèfòmans pwogramatik tèl Cologuard Plus la (sa vle di, benefis ak risk ak tèl repete sou yon peryòd tan etabli). Yo poko etabli si sansibilite pwogramatik tèl Cologuard Plus la pa enferyorite oswa siperyorite konpare ak lòt metòd depistaj rekòmande pou CRC ak APL.

• **Pasyan yo ta dwe kòmanse pwosesis pou retounen medikaman an lè yo ka resevwa Kit Koleksyon an tounen nan UPS menm jou yo vin chèche l la oswa nan jou kap vini an.**

• Pa bwè boutèy likid prezèvatif la.

• Pa kite likid la touche po w oswa je w.

• Si likid la touche po w oswa je w, lave zòn nan ak dlo.

• Gen risk fèb anrapò ak itilizasyon twous koleksyon an ba; yo pa te rapòte okenn evènman endezirab grav nan pami moun yo nan yon esè klinik. Pasyan yo dwe fè atansyon lè y ap louvri ak fèmen kouvèti yo pou evite risk dechiri nan misk men yo.

Nòt: Pasyan yo pa oblije chanje rejim alimantè yo oswa medikaman yo pou yo ka itilize tèl depistaj sa a.

### Sere twous koleksyon w lan

Kenbe bwat la dwat, nan tanperati chanm, lwen limyè solèy dirèk, epi kote timoun yo pa ka rive.

### Kesyon sou tèl ou a?

Pou aprann plis bagay sou tèl ou a, konekte sou kont Exact Sciences ou a nan [patient.exactsciences.com](https://patient.exactsciences.com), oubyen kontakte nou nan 1-844-870-8870. Si ou pa gen yon kont, ou ka kreye youn nan kat etap senp.

Rx only.



Cologuard, Cologuard Plus, ak Exact Sciences se mak komèsyal Exact Sciences Corporation. Tout lòt mak komèsyal yo se pwopriyete chak pwopriyete yo apa.

© 2023-2025 Exact Sciences Corporation. Tout dwa rezève.

EXACT SCIENCES CORPORATION  
5505 Endeavor Lane, Madison, WI 53719  
[www.ExactSciences.com](https://www.ExactSciences.com) | [www.Cologuard.com](https://www.Cologuard.com)

1-844-870-8870



LBL-11558\_QSG\_HT Rev. 5  
09/2025



# Annou kòmanse!

Fè tèt ou yon priyorite. Ranmase echantiyon w lan jodi a.



Eskane  
Ou kapab eskane QR  
code pou komanse






Rele  
1-844-870-8870  
Lòt lang ki disponib



Chat  
nan Cologuard.com

## Òganize kit kòlèk ou an



1

- Depake tout bagay ki parèt anwo yo. Pa rale sache plastik la oswa plato blan an soti nan twous ou a.

Si w ap gen dyare, senyen règ, oswa senyen akòz emowoyid, pa pran yon echantiyon. Si ou remake san sanzatan, tanpri kontakte founisè swen sante w la.




2

- Vide blad pipi w anvan w mete sipò a anplas.
- Mete sipò a anba chèz la sou bòl twalèt la.
- Bese chèz twalèt la.

3

- Retire kouvèti resipyan koleksyon an lè w devise li.
- Yon fwa li louvri, mete veso a nan sipò a.

## Kolekte echantiyon pou pou w lan



4

- Chita sou twalèt la. Poupou nan veso kòlèk la.
- Echantiyon pou pou ou a pa bezwen pafè. Gade boutèy pou konsève a ki nan twous ou a. Echantiyon pou pou w la ta dwe pi gwo pase bouchon boutèy la men pa pi gwo pase boutèy la li menm.

Eseye pou pipi pa antre nan veso a. Pa gen pwoblèm si yon ti kantite antre. Asire w ke objè tankou papyè twalèt pa antre nan resipyan an.

5

- Devise sonn lan nan tib la. Sèvi ak sond lan pou grate sifas echantiyon pou pou w la.




- Kouvri pwent sond lan nèt anvan ou mete l tounen nan tib la.
- Mete sonn lan nan tib la epi vise bouchon an pou fèmen l.



Pa ranpli tib la ak pou pou. Pa mete tib la nan resipyan koleksyon an.

6

- Vide tout sa ki nan boutèy pou konsève a nan Resipyan an. Li akseptab si echantiyon pou pou a pa kouvri konplètman.
- Retire resipyan an nan sipò a. Vise kouvèti a tounen sou veso a jiskaske li byen sele.




## Ekspedye kit kòlèk ou an




7

- Ranpli tou de etikèt ki sou Kat Etikèt Egzanp lan. Mete youn sou kouvèti veso a epi youn toutotou tib la.




- Tounen mete veso a ak tib la nan plato blan an nan bwat ekspedisyon orijinal la, epi jete tout lòt atik yo.



Jete tout lòt bagay yo.

8

- Fèmen zip ki sou tèt sak la pou fèmen l.
- Kachte bwat la avèk bann adezif ki tache sou lanbo bwat la.
- Retire etikèt ekspedisyon ki anlè a pou ekspoze etikèt ekspedisyon retou peye davans lan.



9

- Voye twous ou a tounen menm jou a oswa nan jou kap vini an apre ou fin pran l nan youn nan de fason sa yo.

**Opsyon pou retounen prepeye:**

1. Depoze li nan UPS.
2. Planifye pou UPS pase pran l:

- Pwograme sou entènèt nan **Cologuard.com/UPS** oswa
- Rele **1-844-870-8870** pou jwenn èd.

Gade rezilta w yo nan: **Cologuard.com/results**